

## BAB I

### BUBUKA

#### 1.1 Kasang Tukang

Élmu pangaweruh jeung téknologi geus ngalaman parobahan anu gancang pisan, ieu hal nyababkeun kana kamajuan pola pikir masarakat sacara umum. Dina widang atikan, ieu parobahan-parobahan téh geus méré pangalaman anu anyar sarta jadi pasualan para praktisi pikeun ngamangpaatkeun parobahan éta jadi salasihiji modal penting ngayakeun kagiatan pangajaran anu leuwih éféktif jeung éfisién. Dina ieu hal, *pendekatan teknologis* jadi bagian anu penting dina kagiatan pangajaran.

*Pendekatan teknologis* diperlukeun dina raraga ngamekarkeun prosés pangajaran pikeun ngudag tujuan anu geus ditangtukeun, nya éta jadi manusa anu miboga pangaweruh anu jembar, amis budi, jeung hadé haté. Lian ti éta, kagiatan pangajaran ogé miboga tujuan pikeun ngamumulé ajén-inajén kabudayaan, sangkan urang miboga kawajiban pikeun bisa ilubiung dina *transformasi* ajén demi kamajuan bangsa jeung nagara. Ku sabab kitu, pikeun ngawujudkeun kagiatan pangajaran anu aktif jeung miboga kualitas anu hadé, salasihiji unsur utamana nya éta kudu aya guru anu miboga kualitas hadé. Guru anu miboga kualitas hadé nya éta guru anu miboga kompetensi pédagogik, kompetensi kapribadian, kompetensi sosial, jeung kompetensi profesional saperti anu kaunggel dina Undang-Undang Républik Indonésia no. 14 taun 2005 ngeunaan Guru jeung Dosén.

Dina ngalaksanakeun kompetensi pédagogik, guru diperedih pikeun ngabogaan kamampuh sacara métodologis dina hal ngarencanakeun jeung ngalaksanakeun kagiatan pangajaran. Kaasup di jero kudu ngawasa, ngamangpaatkeun jeung nyiptakeun média pangajaran anu luyu. Dina ngagunakeun média pangajaran, sacara sadar bakal leuwih mantuan aktifitas pangajaran, boh di jero atawa di luar kelas. Tapi, teu bisa dipungkir, yén dina impleméntasina, teu loba guru anu mampuh ngarancang, nyipta, atawa maké média pangajaran sacara optimal. Lian ti éta, alat-alat téknologi anu kawatésanan ogé nyababkeun kurang maksimalna usaha guru dina ngamangpaatkeun ayana média pangajaran.

Pangajaran mangrupa interaksi antara guru jeung murid, boh interaksi langsung boh interaksi teu langsung. Nalika éta prosés interaksi lumangsung tangtu kudu aya modél atawa média pangajaran sangkan interaksi antara guru jeung murid bisa leuwih éféktif. Guru kudu bisa ngondisikeun lingkungan diajar siswa anu daria sangkan bisa ngaronjatkeun minat, kahayang siswa dina diajar, sarta siswa miboga sikep jeung motivasi aktif pikeun ilubiung dina prosés diajar-ngajar.

Kagiatan pangajaran bisa ditarékahan ku cara maké média pangajaran anu bisa mangaruhan kana hasil diajar siswa sarta bisa ngondisikeun sikep jeung motivasi siswa sangkan daria dina diajar, sabab kadarian murid dina diajar téh salasahijina ditangtukeun ku alternatif modél atawa média pangajaran anu dipaké jeung dimekarkeun ku guru. *“Media pembelajaran adalah segala sesuatu yang dapat digunakan untuk menyalurkan pesan dari pengirim ke penerima sehingga*

*dapat merangsang pikiran, perasaan, perhatian, dan minat serta perhatian siswa sedemikian rupa sehingga proses belajar terjadi”* (Sadiman dkk, 2011: 7).

Pangajaran nya éta salasihiji prosés interaksi antara anu diajar, anu méré pangajaran, jeung bahan ajar. Média pangajaran nya éta salasihiji alat anu miboga fungsi pikeun nepikeun pesen pangajaran. Interaksi moal lancar upama euweuh sarana anu mantuan pikeun méré informasi/pesen atawa média. Jadi, média téh penting pisan pikeun pangajaran. Média pangajaran téh loba macemna, salasihijina nya éta média audio.

*“Media Audio (media dengar) adalah media yang isi pesannya hanya diterima melalui indera pendengaran. Dengan kata lain, media jenis ini hanya melibatkan indera dengar dan memanipulasi unsur bunyi atau suara semata”* (Setyosari dan Sihkabuden, 2005:148). Ku kituna, dina pangajaran basa ogé bisa ngagunakeun média sangkan tujuan pangajaran bisa kahontal.

Aya opat kaparigelan dina pangajaran basa, nya éta: maca, nulis, nyarita, jeung ngaregepkeun. Ngaregepkeun nya éta prosés kagiatan ngadéngékeun lambang-lambang lisan ku cara museurkeun panitén, maham, aprésiasi, sarta interprétasi pikeun meunangkeun informasi, nyangkem eusi, sarta maham makna komunikasi anu geus diébrehkeun ku panyatur ngaliwatan ujaran atawa basa lisan (Tarigan, 1986: 31). Ngaregepkeun mangrupa kaparigelan basa anu digunakeun dina komunikasi sacara langsung jeung ngabogaan sipat résepti (narima). Dina kahirupan sapopoé, ngaregepkeun téh mangrupa salasihiji kagiatan anu penting lian ti kaparigelan nu lianna. Kagiatan ngaregepkeun ogé bisa nambahan élmu anu can kungsi dipiboga diantarana tina radio, tv, atawa langsung ti nara sumberna.

Jadi, ngaregepkeun miboga peran anu penting pisan. Upama ieu ngaregepkeun geus kacangking, kamampuh nyarita, maca, jeung nulis ogé bakal gampang dicangking.

Dina prosés diajar-ngajar, kaparigelan ngaregepkeun sok dipopohokeun sabab najan teu diajarkeun ogé, ieu kaparigelan téh sok dipaké waé dina kahirupan sapopoé. Sabenerna mah upama urang ngarti ngeunaan konsép ngaregepkeun, naon waé anu dilakukeun ku urang sok aya waé prosés ngaregepkeunana. Ieu kanyataan kajadian dina sagala widang kahirupan. Ngaliwatan prosés ngaregepkeun urang bisa apal konsép sagala informasi boh anu mangrupa élmu pangaweruh boh hal-hal lian anu can dipikawanoh ku urang.

Dina hal nepikeun pangajaran ngaregepkeun dongéng basa Sunda muncul sababaraha masalah boh ti guru ogé ti siswana, loba guru anu kurang parigel dina nepikeun matéri sacara jelas anu antukna siswa hésé maham kana eusi matéri anu ditepikeun ku guruna. Sora guru anu kawatesanan ogé ngabalukarkeun siswa anu diuk di tukang pikeun nyangking matéri anu dipedar. Ayana siswa anu resep jeung anu teu resep kana pangajaran basa Sunda, materi anu dipedar, atawa ka guruna sabab cara ngajarna konvénsional ogé jadi bangbaluh dina nepikeun pangajaran. Kaayaan kelas anu gandéng, panas, jeung pinuh ogé bisa nyababkeun prosés komunikasi anu teu éféktif tur éfisién. Ku kituna dina pangajaran ngaregepkeun ogé perlu média sangkan komunikasi antara guru jeung murid bisa leuwih éféktif, guru bisa ngondisikeun lingkungan diajar siswa anu daria sangkan bisa ngaronjatkeun minat, kahayang siswa dina diajar sarta siswa miboga sikep, motivasi aktif pikeun ilubiung dina prosés diajar-ngajar.

Dina pangajaran ngaregepkeun siswa di SMK masih réa kahéngkérang jeung bangbaluh. Ieu hal aya pakaitna jeung kacocogan modél atawa téknik anu digunakeun dina pangajaran ngaregepkeun. Dina hal ngaregepkeun, matéri pangajaran jeung masalah anu timbul dina prosés pangajaran ngaregepkeun di kelas XII SMK Pasundan 1 Bandung, salila ieu kurang pisan. Aya sababaraha pasualan anu timbul boh ti guruna ogé siswana. Hal ieu dipibanda tina hasil panalungtikan, niténan, ogé wawancara jeung guru kelas XII SMK Pasundan 1 Bandung dina poé Kemis tanggal 08 Maret 2012 dina hal ngaregepkeun jeung nyangking matéri pangajaran.

Salasahiji tarékah pikeun widang pangajaran basa Sunda dina raraga nyaluyukeun diri kana kamekaran élmu pangaweruh jeung téknologi sangkan bisa nyumponan pangabutuh masarakat kiwari nya éta ku cara guru nyiptakeun inovasi-inovasi anu anyar hususna pikeun média pangajaran nya éta ku dijieunna cd rekaman dongéng anu mangrupa *hard ware (perangkat keras)* pikeun média pangajaran ngaregepkeun basa Sunda. Ieu CD rékaman dongéng boga kamampuh pikeun ngalatih jeung ngajarkeun tilu unsur tina opat kaparigelan basa, utamana dina proses ngaregepkeun. Dipiharep ku digunakeunana éta média dina proses diajar, bisa ngahasilkeun kamampuh siswa dina hal ngaregepkeun dongéng jadi leuwih hadé.

Geus kaitung réa panalungtikan dina wangun skripsi anu medar ngeunaan média dina pangajaran. Panalungtikan anu medar ngeunaan média di antarana:

Evi Nurmayatini (2007) anu judulna "*Media Audio Visual pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Carita Pondok (Penelitian Tindakan Kelas ka Siswa Kelas XI*



*BI RSBI SMA Pasundan 1 Bandung Taun Ajaran 2010/2011)*”, kacindekanana nya éta: ningkatna kamampuh nulis carpon siswa kelas XI SMA Pasundan 1 Bandung sabada ngagunakeun média audio visual. Luxaz Priansyah (2007) nalungtik ngeunaan “*Éféktivitas Média Komik pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Maca Pamahaman Dongéng (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas X-2 SMA Pasundan 8 Bandung Taun Ajaran 2010-2011)*”, hasil panalungtikanna nya éta: aya béda anu signifikan dina kamampuh maca pamahaman siswa kelas X-2 SMA Pasundan 8 Bandung saméméh jeung sanggeus ngagunakeun média komik. Média komik bisa ngaronjatkeun kamampuh siswa kelas X-2 SMA Pasundan 8 Bandung dina maca pamahaman dongéng. Mega Rahayu (2007) “*Évéktivitas Média Majalah Dingding (Mading) dina Pangajaran Nulis Biografi (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas X Multimedia-1 SMK Pasundan 3 Kota Bandung Taun Ajaran 2010/2011)*” hasil panalungtikanna nya éta: hasil diajar nulis biografi siswa kelas X Multimedia-1 SMK Pasundan 3 Kota Bandung saméméh ngagunakeun média majalah dingding (mading) téh kurang nyugemakeun, sabada ngagunakeun média majalah dingding téh jadi ngaronjat tibatan hasil tés awal.

Hasil panalungtikan anu dilakukeun ku Gene L. Wilkinson (1980) nunjukeun yén média audio bisa digunakeun pikeun kaperluan pangajaran, komo pikeun pangajaran basa mah. Dina nyarita, siswa nu diajar maké média audio bisa leuwih hadé dibandingkeun jeung siswa anu teu maké média audio. Lian ti éta, média audio teu ngan saukur cocog pikeun pesen aspék kognitif waé, tapi saluyu ogé pikeun aspék apéktif jeung psikomotor.

Pangalaman Pustekkom Depdiknas dina raraga ngamekarkeun média audio pikeun siswa SD nunjukeun yén média bisa ngabantuan guru dina prosés pangajaran sarta bisa ngaronjatkeun motivasi jeung minat siswa pikeun diajar (Depdiknas, 1998). Bahan ajar jeung sarana anu kudu disiapkeun ogé kaitung murah, nya éta kasét audio/CD, *tape recorder/CD player*, sarta ayana sumber listrik.

Dumasar kana kondisi di luhur, panalungtikan dina wangun skripsi anu judulna “*Éfektivitas Média Audio dina Pangajaran Ngaregepkeun Dongéng (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas XII SMK Pasundan 1 Bandung Taun Ajaran 2011/2012)*” perlu dilakukeun.

## **1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah**

### **1.2.1 Watesan Masalah**

Ngaregepkeun mangrupa salasihiji aspék kaparigelan ngagunakeun basa. Ku kituna, kaparigelan ngagunakeun basa bisa dironjatkeun ku pangajaran ngaregepkeun anu dipangaruhan ku sababaraha aspék di antarana téhnik jeung média anu digunakeun. Jalaran kitu, dina ieu panalungtikan diwatesanan masalahna ngan ukur medar ngeunaan cara pikeun ningkatkeun kaparigelan siswa ngagunakeun média audio dina hal ngaregepkeun dongéng.

### **1.2.2 Rumusan Masalah**

Kegiatan pangajaran bisa ditarékahan ku cara maké média pangajaran anu bisa mangaruhan kana hasil diajar siswa sarta bisa ngondisikeun sikep jeung

motivasi siswa sangkan daria dina diajar, sabab kadarian murid dina diajar téh salasahijina ditangtukeun ku alternatif modél atawa média pangajaran anu dipaké jeung dimekarkeun ku guru.

Medar ngeunaan média audio bakal lega pisan ambahanana. Ku kituna, dumasar kana penelitian awal anu dilakukeun dina tanggal 08 Maret 2012, tétéla aya sababaraha dasar pasualan anu ngabalukarkeun handapna tingkat kamampuh ngaregepkeun dongéng siswa kelas XII SMK Pasundan 1 Bandung. Pasualan anu kahiji nya éta hampir sabagéan siswa kelas XII SMK Pasundan 1 Bandung ngarasa hésé pikeun nyangking matéri, ku sabab guru langsung macakeun naskah dongéng teu dibarengan ku média-média anu ngadukung jeung ngirut ati siswa, katambah langsung mancénkeun ka siswa pikeun ngajawab patalékan sabudeureun naskah dongéng anu dibacakeun. Padahal prosés ngaregepkeun bisa leuwih maksimal saupama ngagunakeun média audio. Pasualan anu kadua, siswa meunang bangbaluh dina nyaritakeun deui naon-naon anu geus dipedar ku guru. Masalah umum ieu panalungtikan bisa dijabarkan sakumaha ieu di handap.

- 1) Kumaha kamampuh siswa kelas XII SMK Pasundan 1 Bandung kelompok ékspérimén saméméh jeung sabada ngagunakeun média audio sarta kelompok kontrol anu teu maké media audio dina pangajaran ngaregepkeun dongéng?
- 2) Naha média audio téh bisa ngaronjatkeun kamampuh siswa kelas XII SMK Pasundan 1 Bandung dina pangajaran ngaregepkeun dongéng?
- 3) Naha aya beda anu signifikan dina kamampuh ngaregepkeun dongéng siswa kelas XII SMK Pasundan 1 Bandung antara kelompok ékspérimén saméméh



jeung sabada ngagunakeun média audio sarta kelompok kontrol anu teu maké media audio dina pangajaran ngaregepkeun dongéng?

### **1.3 Tujuan Panalungtikan**

#### **1.3.1 Tujuan Umum**

Sacara umum tujuan ieu panalungtikan téh nya éta pikeun nguji éféktivitas ngagunakeun média audio dina pangajaran ngaregepkeun pikeun ningkatkeun kamampuh ngaregepkeun siswa.

#### **1.3.2 Tujuan Husus**

Sacara husus ieu panalungtikan téh miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) Kamampuh siswa kelas XII SMK Pasundan 1 Bandung kelompok ékspérimén saméméh jeung sabada ngagunakeun média audio sarta kelompok kontrol anu teu maké media audio dina pangajaran ngaregepkeun dongéng;
- 2) Ngaronjat henteuna kamampuh siswa kelas XII SMK Pasundan 1 Bandung dina ngaregepkeun dongéng ngagunakeun media audio di kelompok ékspérimén jeung anu teu ngagunakeun média audio di kelompok kontrol; sarta
- 3) Nguji beda anu signifikan dina kamampuh ngaregepkeun dongéng siswa kelas XII SMK Pasundan 1 Bandung antara kelompok ékspérimén saméméh jeung sabada ngagunakeun média audio sarta kelompok kontrol anu teu ngagunakeun média audio.

## 1.4 Mangpaat Panalungtikan

### 1.4.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat tioritis dina ieu panalungtikan nya éta: pikeun anu nalungtik, sangkan nambahan informasi anu dihasilkeun ngeunaan makéna média audio dina pangajaran ngaregepkeun jeung bisa dijadikeun bahan tinimbangan pikeun guru-guru dina ngajarkeun pangajaran ngaregepkeun.

### 1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis dina ieu panalungtikan nya éta:

- 1) Pikeun anu maca, sangkan nambahan hasanah kaélmuhan stratégi diajar-ngajar dina ngagunakeun téhnik pangajaran basa, utamana dina ngaregepkeun.
- 2) Bisa ningkatkeun kaparigelan siswa dina ngaregepkeun ku ngagunakeun média audio.

## 1.5 Wangenan Istilah

Sangkan teu nimbulkeun rupa-rupa pamadegan jeung salah tafsir, istilah dina ieu panalungtikan baris ditétélakeun ti poin 1 nepi ka poin 6.

- 1) Komarudin (1994: 148) nétélakeun yén: *“efektivitas adalah suatu keadaan yang menunjukkan tingkat keberhasilan kegiatan dalam mencapai tujuan yang telah ditetapkan.”*
- 2) *“Media pembelajaran adalah segala sesuatu yang dapat digunakan untuk menyalurkan pesan dari pengirim ke penerima sehingga dapat merangsang*

*pikiran, perasaan, perhatian, dan minat serta perhatian siswa sedemikian rupa sehingga proses belajar terjadi” (Sadiman dkk, 2011: 7).*

- 3) *“Média Audio (média dengar) adalah média yang isi pesannya hanya diterima melalui indera pendengaran. Dengan kata lain, média jenis ini hanya melibatkan indera dengar dan memanipulasi unsur bunyi atau suara semata” (Setyosari dan Sihkabuden, 2005: 148).*
- 4) *“Ngaregepkeun nya éta prosés kagiatan ngadéngékeun lambang-lambang lisan ku cara museurkeun panitén, maham, aprésiasi, sarta interprétasi pikeun meunangkeun informasi, nyangkem eusi, sarta maham makna komunikasi anu geus dibréhkeun ku panyatur ngaliwatan ujaran atawa basa lisan (Tarigan, 1986: 31).*
- 5) *“Dongéng kaasup kana golongan carita anu parondok, sarta sok aya bagian anu pamohalan, upamana dina jalan caritana, palakuna, atawa waktu kajadianana” (Rusana, 1982: 18). James Danandjaya (1984: 83) nétélakeun yén, “dongéng téh nya éta carita prosa rakyat anu dianggap teu kungsi kajadian, dicaritakeun upama keur hiburan, sok sanajan réa ogé anu ngagambarkeun bebeneran, eusina pangajaran moral, atawa sisindiran.”*
- 6) *“Studi kuasi ékspérimén nya éta hiji métode panalungtikan ékspérimén semu anu nyokot sabagian variabel, tujuanana pikeun menangkeun informasi kalawan maké ékspérimén. Panalungtikanana ngabandingkeun kelompok anu make media audio di kélompok ékspérimén jeung kelompok anu ngagunakeun téhnik tradisional di kelompok kontrol” (Arikunto, 2006: 86).*

## 1.6 Méthode Panalungtikan

Sacara étimologis métode asalna tina kecap *methodos* (basa Latén), anu hartina cara-cara atawa stratégi pikeun maham kana réalitas (kanyataan), tur dianggap minangka léngkah-léngkah sacara sistematis pikeun ngungkulan runtuyan sabab jeung akibat.

Ieu panalungtikan ngagunakeun métode studi kuasi ékspérimén nya éta hiji métode panalungtikan ékspérimén semu anu nyokot sabagéan variabel, tujuanana pikeun meunangkeun informasi kalawan maké metodé ékspérimén. Panalungtikan ieu téh ngabandingkeun kelompok anu maké média audio (kelompok ékspérimén) jeung kelompok anu teu ngagunakeun média audio (kelompok kontrol) dina prosés pangajaran ngaregepkeun (Arikunto, 2006: 86).